

REPUBLIQUE DU BURUNDI



CABINET DU PRESIDENT

DECRET N°100/183 DU 25 JUIN 2012  
PORTANT MESURES DE GRACE

ITEGEKO INOMERO 100/183 RYO KU WA 25  
RUHESHI 2012 RITANGA IKIGONGWE

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

UMUKURU W'IGIHUGU,

Vu la Constitution de la République du Burundi ; Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Republika y'Uburundi ;

Vu la Loi n°1/015 du 20 juillet 1999 portant Yihweje ibwirizwa inomero 1/015 ryo ku wa 20 Mukakaro  
Réforme du Code de procédure pénale ; 1999 rihindura Igitabu c'amategeko yerekeye ingene  
imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa n'ingene  
zicibwa ;

Vu la Loi n°1/05 du 22 avril 2009 portant Yihweje Ibwirizwa inomero 1/05 ryo ku wa 22  
Révision du Code Pénal ; Ndamukiza 2009 rihindura Igitabu c'amategeko  
mpanavyaha ;

Réaffirmant l'engagement de bâtir notre pays Asubiye kwiyezeza kwubaka igihugu cacu gishingiye ku  
autour des idéaux de paix, de justice, de respect mahoro, ubutungane, ukwubahiriza agateka ka zina  
des droits de l'homme et de la réconciliation ; muntu n'ukunywanisha Abarundi ;

Convaincu qu'il convient de désengorger les Abonye ko bikwiye kugabanura igitigiri c'abapfunzwe ku  
prisons en vue d'améliorer les conditions gira ubuzima bwo mu mabohero bube bwiza gusumba ;  
carcérales ;

Décidé de prendre une mesure exceptionnelle Yiyemeje gufata ingingo idasanzwe yerekeye ukugirira  
de clémence à l'endroit de certains condamnés ; ikigongwe abaciriwe imanza bamwebamwe ;

Après avis du Conseil Supérieur de la Inama Nkuru y'ubucamanza imaze kugira ico ishikirije ;  
Magistrature ;

Après consultation du Premier et du Deuxième Amaze guhanuza icegera ca mbere c'Umukuru  
Vice-Présidents de la République ; w'Igihugu n'Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Igihugu ;

DECRETE :

ASHINZE :

- Article 1 :** Bénéficient de la remise totale, les prisonniers condamnés à des peines de moins ou égale à 5 ans devenues définitives du chef de toutes les infractions, à l'exception du viol, vol à mains armées ou en bandes organisées, détention illégale d'arme à feu et atteinte à la sûreté intérieure de l'Etat.
- Ingingo ya 1 :** Bararekuriwe ibihano vyose vyaciriwe, abapfunzwe baciriwe ibihano ntabanduka vy'umunyororo uri muni canke ungana n'imyaka itanu ku vyaha vyose bagiriye, kiretse abakoze ivyaha vy'ugusambanya ku nguvu, abakoze ubusuma bakoresheje ibirwanisho canke bari mu migwi yiyunze, abagiriwe n'icaha c'ugutunga ibigwanisho bicira umuriro bidaciye mu mategeko n'abahungabanije umutekano w'igihugu.
- Article 2 :** Les condamnations à la peine de mort prononcées avant l'entrée en vigueur de la loi n°1/05 du 22 avril 2009 portant révision du Code pénal sont commuées en peines de servitude pénale à perpétuité.
- Sont commuées en peines de servitude pénale de 20 ans, les condamnations à la servitude pénale à perpétuité à l'exception des infractions de crime contre l'humanité, de crime de guerre et de viol.
- Ingingo ya 2 :** Abaciriwe igihano co gupfa imbere y'uko ibwirizwa inomeru 1/05 ryo ku wa 22 Ndamukiza 2009 rihindura igitabu c'amategeko mpanavyaha gishirwa mu ngiro, bazopfungwa ubuzima bwabo bwose.
- Abaciriwe igihano c'ugupfungwa ubuzima bwabo bwose, bazopfungwa imyaka mirongo ibiri gusa, kiretse abagiriye ivyaha vy'agahomerabunwa, ivyaha vyo mu ntambara n'ivyaha vy'ugusambanya ku nguvu.
- Article 3 :** Sans préjudice des dispositions de l'article 2 du présent décret, bénéficient de la remise totale des peines :
- Ingingo ya 3 :** Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 2 y'iri tegeko, bararekuriwe ibihano vyose baciriwe :
- 1° Les femmes enceintes ou allaitantes ;
  - 2° Les prisonniers atteints de maladies incurables et à un stade avancé attesté par une commission médicale à l'entrée en vigueur du présent décret ;
  - 3° Les condamnés âgés de soixante ans et plus à l'entrée en vigueur du présent décret ;
  - 4° Les mineurs condamnés et âgés de moins de 18 ans.
- 1° Abagore bibungeze canke bonsa ;
  - 2° Abapfunzwe barwaye indwara zidakira kandi basinzikaye vyemejwe n'umugwi w'abaganga kuva iri tegeko rishinzwe ;
  - 3° Abaciriwe ibihano bafise imyaka mirongo itandatu n'iyirenga kuva iri tegeko rishinzwe ;
  - 4° Abana baciriwe ibihano batarakwiza imyaka cumi n'umunani.

**Article 4 :** Toutes les autres peines de servitude pénale à temps prononcées par les Cours et Tribunaux du Burundi et devenues définitives sont commuées à la moitié de la peine prononcée sous réserve des exceptions aux articles 1 et 2.

**Ingingo ya 4 :** Ibindi bihano vyose vy'ugupfungwa ikiringo kinaka vyaciwe na sentare z'Uburundi kandi vyabaye ntabanduka bigabuwe na kabiri kiretse ivyerekeye ivyaha bitagirirwa ikigongwe vyavuzwe mu ngingo ya mbere n'ya 2.

**Article 5 :** Conformément à la loi et à l'équité, le présent décret portant mesure de grâce ne porte pas préjudice aux condamnations civiles en faveur de l'Etat et des particuliers.

**Ingingo ya 5 :** Hisunzwe amategeko n'ingendo y'ukutarenganya, iri tegeko ritanga ikigongwe c'Umukuru w'Igihugu ntiribera intambamyi uburenganzira bw'Igihugu canke bw'abandi bantu mu vyerekeye ugutanga indishi n'ugusubiza ivy'Igihugu canke ivy'abantu.

**Article 6 :** Le Ministre de la Justice et Garde des Sceaux est chargé de l'application du présent décret qui entre en vigueur le jour de sa signature.

**Ingingo ya 6 :** Umushikiranganji w'Ubutungane ashingura ikimangu ca Republika ni we ashinzwe ishirwa mu ngiro ry'iri tegeko ritangura gukurikizwa kuva umusi ritereweke igikumu.

Fait à Bujumbura, le 25 juin 2012

Bigiriwe i Bujumbura, ku wa 25 ruheshi 2012

Pierre NKURUNZIZA.

Pierre NKURUNZIZA.